

### Èske m sipoze bay yon dokiman?

Yo ka mande w bay dokiman tou depan de sa w kalifye pou li a. Prepare w pou bay dokiman pou chak kategori ki anba yo. Si w ap aplike an pèsòn, tanpri mache ak yo. Si w ap aplike nan telefòn, yo ap mande w pou w voye yo ale nan MyChart oswa pou bay yo pandan randevou ou a. Si w pa gen kèk dokiman, pa enkyete w! Nou ka toujou ede.

Kategori Dokiman	Egzanp Dokiman yo Aksepte
Prèv idantite	Lisans Chofè oswa Kat Idantite Moun ki pa Chofè, Paspò, Kat Idantite NYC, Kat Idantite Etranje, Kat Vèt oswa pèmi pou travay, Sètifika Natiralizasyon, Viza, Kat Idantite Lekòl (badj), Ak Maryaj, Ak Nesans, Kat EBT oswa CBIC
Prèv Revni w	Relve Pèman (4 dènye semèn yo), Lèt travay, Lèt/chèk Pansyon/SSI/Asistans Chomaj
Prèv adrès	Anvlòp ki gen so lapòs, fakti sèvis piblik (90 dènye jou yo), Akò sou lwaye, Deklarasyon Ipotèk
Verifikasyon si w kalifye pou asirans lan	Si yo te gentan verifeye pou wè si w elijib pou asirans alèd yon asistan nan yon lòt òganizasyon, oswa si w te fè demach la atravè New York State of Health Marketplace la, pataje yon kopi desizyon an avè n (30 dènye jou)

### E si mwen resevwa yon fakti pandan m ap tann pou m jwenn enfòmasyon nan men kouvèti asirans sante mwen an?

Si w te aplike pou asirans sante, nou p ap mande w pou w peye fakti a pandan y ap revize aplikasyon w lan. Si w resevwa yon fakti, ou ta dwe kontakte nou oswa mande pou w pale ak yon konsye finansye ki pral ede w.


### Kòman pou m aplike?

Konseye finansye nou yo ka ede w aplike pou pwoteksyon asirans sante oswa pou asistans finansye. Rele 1-844-692-4692 epi seleksyone opsyon 3 pou w pale ak yon konsye finansye.

NYC  
HEALTH+  
HOSPITALS



# NYC HEALTH + HOSPITALS ASISTANS FINANSYE



NYC Health + Hospitals bay swen sante pou tout moun. Nou respekte dwa ak vi prive tout kalte pasyan, ni sa ki san papye yo. Nou ede tou moun ki pa pale Anglè pale ak doktè ansanm ak lòt anplwaye yo. Anplwaye nou yo pale anpil lang ki genyen ladann, Albanyen, Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Endou, Koreyen, Polonè, Ris, Panyòl, ak Oudou. Sèvis entèpretasyon yo disponib tou. Ou ka jwenn enfòmasyon nan lang ou.

Pou plis enfòmasyon  
ak enskripsyon rele

1-646-NYC-CARE  
1-646-692-2273

[nycare.nyc](http://nycare.nyc)



RETE KONEKTE. SWIV NOU.

NYC  
HEALTH+  
HOSPITALS



## OU PA GEN ASIRANS SANTE? PA ENKYETE W, NOU KA EDE W.

Ou gen dwa jwenn swen sante bon jan kalite ak abòdab. Meyè fason pou rann swen sante sa a abòdab se enskri nan asirans sante. Nou ka ede w nan esplike w chwa ki disponib pou ou epi ede w enskri nan plan ki pi bon pou ou ak fanmi w la. Si w pa kalifye oswa pa ka jwenn ankenn nan plan asirans ki disponib gratis oswa bon mache yo, ou gen dwa kalifye pou youn nan pwogram asistans finansye nou yo – *NYC Care oswa Options* – pou rann sèvis swen sante nou yo disponib pou ou menm ak fanmi w.

### Kijan m ap fè konnen chwa ki disponib yo?

Pale ak yon konseye finansye NYC Health + Hospitals yo ki ka ede w ak fanmi w enskri gratis oswa a bon mache nan yon asirans sante si w kalifye. Konseye finansye nou yo la pou ede w chwazi pami yon latriye plan asirans sante ke w gen dwa kalifye pou yo. Si w pa kalifye pou ankenn plan asirans, ou pa ka jwenn ankenn kouvèti pwoteksyon asirans oswa w pa genyen lajan pou w peye swen medikal, ou gendwa kalifye pou youn nan pwogram asistans finansye nou yo.

*NYC Care* disponib pou moun ki kalifye pou oswa ki pa ka peye asirans sante epi ki te viv nan Vil New York pandan sis (6) mwa oswa plis.

Gen *Options* ki disponib pou moun ki pa elijib oswa ki pa ka peye asirans sante epi k ap viv oswa k ap vizite Vil New York. *Options* ede moun k ap viv oswa ki ap vizite Konte Nassau epi ki itilize lopital ak sant sante nou yo nan Queens. *Options* ede tou moun k ap viv oswa ki vizite konte Westchester epi ki itilize lopital ak sant sante nou yo nan Bronx.

### Poukisa asirans sante enpòtan?

Pèsonn pa renmen soufri oswa malad, men evènman medikal sanzatann rive. Lè w genyen yon plan asirans sante sa

ede peye kèk nan depans sanzatann yo, sa ki gen ladann gwo fakti medikal k ap kontinye ak preskripsyon medikaman, epi sa ka ba ou lapè nan tèt. Nou konnen tou ke moun ki genyen asirans sante genyen plis chans pou jwenn swen prevansyon ke yo menm ak fanmi yo bezwen pou rete an sante.

### Kisa mwen peye?

Genyen anpil plan asirans sante ki bon mache oswa ki gratis ki disponib. Nou ka diskite chwa sa yo avèk ou. Si w pa kalifye pou asirans sante epi w kalifye pou asistans finansye, w ap peye sèlman sa w kapab. Tablo nan lòt paj la montre sa w gen dwa mande pou w peye nan youn nan pwogram asistans finansye nou yo. Frè w ap peye yo gen dwa \$0 pou yon vizit doktè.

### Kisa mwen bezwen pou m aplike?

Y ap mande w pou bay enfòmasyon sou tèt ou ak fanmi w epitou konbyen salè w ye. N ap ede w chwazi pami yon latriye plan asirans sante ak pwogram asistans finansye ke w gen dwa kalifye pou yo. Sa a se yon aplikasyon ki fèt nan sekirite epi nou p ap pataje ankenn enfòmasyon ak ofisye imigrasyon yo.

KONTINYE

## ETAP 1:

Detèmine kantite moun ki gen nan fwaye w la (tanpri mete tout granmoun ak timoun k ap viv avèk ou yo).

## ETAP 2:

Aprè sa, chèche kantite kòb yo peye w nan yon ane nan youn nan nivo yo.

## ETAP 3:

Swiv kolòn nan rive jis anba nan tablo a pou jwenn konbyen y ap mande w pou w peye dapre dimansyon fwaye w ak revni w pou vizit klinik yo, vizit nan ijans yo, ospitalizasyon.

NIVO POVRETE FEDERAL (FEDERAL POVERTY LEVELS, FPL)	100% FPL		101 - 125% FPL		126 - 150% FPL		151 - 200% FPL		201 - 250% FPL		251 - 300% FPL		301 - 350% FPL		351 - 500% FPL	
	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	
1	15,060	15,061	18,825	18,826	22,590	22,591	30,120	30,121	37,650	37,651	45,180	45,181	52,710	52,711	75,300	
2	20,440	20,441	25,550	25,551	30,660	30,661	40,880	40,881	51,100	51,101	61,320	61,321	71,540	71,541	102,200	
3	25,820	25,821	32,275	32,276	38,730	38,731	51,640	51,641	64,550	64,551	77,460	77,461	90,370	90,371	129,100	
4	31,200	31,201	39,000	39,001	46,800	46,801	62,400	62,401	78,000	78,001	93,600	93,601	109,200	109,201	156,000	
5	36,580	36,581	45,725	45,726	54,870	54,871	73,160	73,161	91,450	91,451	109,740	109,741	128,030	128,031	182,900	
6	41,960	41,961	52,450	52,451	62,940	62,941	83,920	83,921	104,900	104,901	125,880	125,881	146,860	146,861	209,800	
7	47,340	47,341	59,175	59,176	71,010	71,011	94,680	94,681	118,350	118,351	142,020	142,021	165,690	165,691	236,700	
Vizit Klinik pou Granmoun	\$0	\$2		\$3		\$20		\$30		\$40		\$50		\$50		
Vizit Klinik pou Timoun oswa Fanm Ansent	\$0	\$0		\$0		\$20		\$30		\$40		\$50		\$50		
Vizit Klinik Sante Konpòtmantal	\$0	\$0		\$0		\$15		\$30		\$40		\$50		\$50		
Vizit pou vaksen sèlman	\$0	\$0		\$0		\$0		\$0		\$0		\$0		\$0		
Vizit Sal Ijans pou Granmoun	\$0	\$3		\$3		\$75		\$80		\$100		\$120		\$120		
Vizit nan Ijans pou Timoun oswa Fanm Ansent	\$0	\$0		\$0		\$75		\$80		\$100		\$120		\$120		
Preskripsyon Medikaman (frè pou chak preskripsyon)	\$2	\$2		\$2		\$6		\$10		\$14		\$18		\$18		
Chiriji Anbilatwa oswa Tès Imajri Pa Mwayen Rezonans Manyetik (Magnetic Resonance Imaging, MRI)	\$0	\$15		\$25		\$150		\$300		\$450		\$550		\$650		
Ospitalizasyon*	\$0	\$25		\$25		\$150		\$400		\$900		\$1500		\$1500		
Ko-pèman ak Dediktib	\$0	\$0		\$0		\$0		\$10		\$12		\$18		\$22		

Frè pou pasyan ki gen fwaye ki gen salè ki plis pase sa nou mansyone avan yo ap fèt sou baz Tarif Pèman Pèsonèl (Selfpay) NYC Health + Hospitals.

\*Yo gendwa mande frè anplis si ekonomi yo depase \$8,000.